



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FÒMASYON POU PREVANSYON KONT VYOLANS DOMESTIK POU ANPLWAYE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWÒNMANTAL LA AK BIWO PAK, REKREYASYON, AK PREZÈVASYON ISTORIK

Fòmasyon pral edike anplwaye ki ap fè fas ak piblik nan Pak Eta yo, tèren kan yo ak nan zòn lwazi yo sou fason pou rekonèt vyolans domestik ak sou fason pou entèvni

Inisyativ la fè pati travay Eta a pou transfòme livrezon sèvis vyolans domestik pou yo ka reponn ak sèks ak kiltirèl, plis santre sou sivivan yo ak pran an konsiderasyon twomatiz

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York pral kreye, devlope ak lanse yon pwogram fòmasyon pou anplwaye k ap fè fas ak piblik yo nan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak nan Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la. Patenarya sa a pami ajans leta yo rekonèt enpòtans pou angaje ak fòme alye ki pa tradisyonèl yo pou idantifye ak reponn nenpòt viktim ki bezwen èd, ak objektif pou bay pi bon aksè ak sekirite, resous ak sipò pou sove lavi yo.

"Vyolans domestik se yon bagay mwen te travay pou anpeche li rive pandan tout lavi mwen, epi avèk manman m, mwen te kòmanse yon kay tranzisyon pou sivivan yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm Gouvènè, mwen pral kontinye adopte règleman ki non sèlman pral bay anplwaye eta yo fòmasyon yo bezwen pou ede idantifye ka vyolans domestik epi ede pwoteje sivivan yo, men tou ede fè Eta New York yon kote ki pi an sekirite pou tout moun."

OPDV pral devlope fòmasyon an nan objektif pou li bay li anvan prentan 2022, lè anpil nan pak, teren kan ak zòn rekreyasyon eta a yo, ki sèvi plizyè milyon kliyan chak ane, re-ouvri pou sezon an. Anplis angaje nouvo patnè eta yo nan batay pou mete fen nan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, fòmasyon an avanse davantaj travay eta a pou transfòme sistèm livrezon sèvis nan tout Eta New York nan youn ki santre sou sivivan, ki pran an konsiderasyon twomatiz epi ki reponn yon fason kiltirèl pou tout viktim ak sivivan yo.

Fòmasyon an pral kouvri dinamik tout fòm vyolans ki baze sou sèks pou anplwaye DEC ak anplwaye Pak yo ki ap fè fas ak piblik la pi byen ekipe pou reponn ak ensidan yo epi ede moun ki bezwen èd yo. Lè yo pwolonje disponiblite asistans odela rezo founisè sèvis tradisyonèl ki egziste deja yo, sivivan yo pral konnen yo ka jwenn èd pou jwenn aksè ak resous yo bezwen kèlkeswa sistèm eta oswa sèvis y ap jwenn.

Direktè Egzekitif Biwo OPDV a, Kelli Owens te deklare, "Nou dwe kòmanse angaje plis alye nan efò a pou anpeche vyolans ki baze sou sèks. Li mande sèlman yon moun pou fè yon diferans nan lavi yon sivivan. Lè tout pati nan sistèm piblik yo konprann enpak ak konsekans vyolans ki baze sou sèks, sitou lè li gen rapò ak kominote majinalize yo, nou ogmante chans pou yon moun jwenn yon chemen pou soti anba abi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou anpeche vyolans domestik ak pou lidèchip li nan asire ke sivivan yo gen sipò yo bezwen an."

Pou konbat vyolans domestik epi kreye sekirite pou tout sivivan yo, gen yon bezwen esansyèl pou gen yon pi bon konpreyansyon sou vyolans domestik atravè tout sistèm yo, entèseksyon kiltirèl vyolans domestik ak vyolans seksyèl ak defi moun yo, espesyalman moun ki soti nan kominote majinalize yo, ki konfwote ak aksè ak sèvis yo. Fòmasyon sa a pral eksplòre entèseksyon sa yo epi angaje ak òganizasyon ki espesyalman ede moun ki nan kominote tradisyonèlman ki pa desèvi ase yo epi dirije pa moun ki gen vwa sa yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik estime anviwon 450 anplwaye k ap fè fas ak piblik la pral sibi fòmasyon an, pandan yo pral fòme 100 lòt anplwaye DEC ki regilyèman kominike avèk piblik la. An plis de sa, Lapolis Park Eta, Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònmanal (Environmental Conservation Police Officers, ECOs) DEC yo ak Forest Rangers (Gad Forestye) pral kontinye resevwa fòmasyon pou rekonèt siy vyolans domestik yo pandan entèraksyon yo ak piblik la. Forest Rangers ak ECOs kominike avèk plizyè milye vizitè nan teritwa ak nan sit yo eta chak ane, enkli Pak Adirondack ak Pak Catskill.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Fòmasyon an ak Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik la pral ranfòse repons eta nou an nan fas ak vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks - epi sipòte travay nou an pou ede tout moun santi yo an sekirite ak akeyi pandan y ap vizite Pak Eta nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou apwòch aktif li pou mete fen nan vyolans domestik ak sipò san fay li pou sivivan li yo."

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Gouvènè Hochul te yon defansè fawouch pou viktim vyolans domestik yo pandan tout lavi li. Enspire pa travay manman li ak sivivan vyolans domestik, Gouvènè a te vin gen yon konpreyansyon pwofon sou pwoblèm ki antoure vyolans domestik yo ak resous ak estrateji ki nesèsè pou konbat li efektivman. Avèk yon ogmantasyon vyolans domestik ki te pwodui an pati pa pandemi an, li enperatif pou nou ogmante kapasite nou pou rekonèt ak anpeche ensidan sa yo. DEC fyè pou l kreye patenarya ak Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik Eta ak

kòlèg nou yo nan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la pou pi byen edike ak ekipe moun ki regilyèman kominike avèk piblik la ak fòmasyon ak zouti ki nesèsè pou idantifye vyolans domestik anvan li twò ta."

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato yo, ki vizite pa 78 milyon moun chak ane. Vizite parks.ny.gov pou plis enfòmasyon.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la jere ak sipèvize prèske de milyon kawo tè piblik. DEC opere [52 tèren kan ak senk zòn pou itilize pandan lajounen](#) nan rezèv forestye Adirondack ak Catskill ki ofri yon gran varyete eksperyans pou vizitè yo.

[Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik](#) la se sèl ajans eta nan nivo egzekitif peyi a ki devwe ak pwoblèm vyolans domestik la. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa @opdv.ny.gov (tchat). Ane pase, liy asistans eta ak lokal yo te resevwa plis pase 250,000 apèl pou asistans.

[Biwo pou Sèvis Viktim](#) lan finanse tou yon rezo plis pase 212 pwogram kominotè ki bay sipò dirèk pou viktim krim yo ak fanmi yo. Pwogram yo ka ede tout viktim krim tou pou aplike pou dedomajman ak lòt asistans nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou moun ki pa gen okenn lòt resous.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)